



Règ pou Konpòtman & Konsèy pou Abò Otobis

Pou pèmèt tout moun fè yon kous nan otobis ki fè yo plezi epi ki san danje, pasaje yo dwe montre respè youn pou lòt, ak respekte chofè a. Chofè yo gen otorite pou yo veye sou sekirite ak konfò tout pasaje yo.

- Pasaje yo pa gen dwa pote resipyan ouvri ki gen manje oswa bweson, ni yo pa gen dwa manje ak bwè pandan yo nan otobis la.
- Lalwa entèdi fimen ak vape nan otobis la.
- Moun pa gen dwa pote zamafe, ni lòt kalite zam nan veyikil ak nan lokal GATRA yo.
- Quienes deseen escuchar música deberán hacerlo con auriculares, y el uso del teléfono celular deberá ser limitado.
- Moun dwe mete ekoutè nan zòrèy yo pou koute mizik, epi konvèsasyon nan telefòn selilè yo dwe limite.
- Tanpri, kite men ak tèt ou anndan otobis la, san yo pa jennen pòt k ap ouvri ak fèmen.
- Timoun ki gen 6 an oubyen mwens dwe genyen yon moun majè avèk yo.
- Bèt k ap ede moun enfim mèt monte nan otobis GATRA yo, men tout bèt konpayi yo dwe andedan yon bwat.
- Apre ou monte nan otobis la, chita nan plas ou pi bonnè ou kapab. Si rete plas sèlman pou pasaje kanpe, sonje kanpe dèyè liy la, epi kite koulwa yo aklè.
- Gen plas sou ban devan otobis la ki rezève pou granmoun, ak moun ki andikape. mayores o personas discapacitadas.
- Pasaje yo mèt monte nan otobis la avèk sa yo pote nan yon sèl vwayaj. Sa vle di pwovizyon pou manje, ak sache, ak nenpòt atik pèsonnèl.

GATRA rezève dwa refize nenpòt ki moun transpò nan otobis yo, si moun lan anba dwòg oswa alkòl, oubyen si moun lan gen yon konpòtman ki pa akseptab oubyen si li pa pwòp, nan pwen pou li lakòz yon danje pou chofè a oswa pou lòt pasaje yo.

Yo ka mande fè modifikasyon rezonnab, nan règleman oswa nan règ pou konpòtman GATRA yo, poutèt andikap yon pasaje ka genyen. Rele nan nimewo 774-226-1263, oswa ale nan

adrès www.GATRA.org pou plis enfòmasyon.

Kòmantè oswa Pwoblèm? 800-483-2500